Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

ANVAN WIKENN FÈT TRAVAY LA, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LWA POU ASIRE SEKIRITE NOUYÒKÈ YO NAN DLO A

Lwa S.9748/A.10334 pwolonje dire Komisyon Tanporè pou Prevansyon Nwayad Timoun

Lwa S.5815A/A.6205 otorize Depatman Sante a pou sansibilize piblik la sou danje ki genyen nan nwayad mòtèl ak sa ki pa mòtèl.

Lwa S.7731A/A.9888C pèmèt Konsèy Prevansyon Dife ak Kòd Bilding Eta a gen fleksibilite lè y ap elabore nòm ki gen rapò ak mekanis pou fèmen pisin yo

Anvan wikenn Fèt Travay la, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a twa tèks lwa ki gen rapò ak ranfòsman sekirite piblik konsènan pisin ak natasyon. Lejislasyon S.9748/A.10334 pwolonje dire Komisyon tanporè pou Prevansyon Nwayad Timoun pou yon lòt ane. Lwa S.5815A/A.6205 gen rapò ak edikasyon sou danje ki genyen nan nwayad mòtèl ak sa ki pa mòtèl. Lwa S.7731A/A.988C egzije pou konsèy prevansyon dife ak kòd bilding Eta a elabore nòm sou mekanis ouvèti ansent pisin yo ki baze sou nòm yo rekonèt yon fason entènasyonal.

"Pèdi yon pwòch ou nan nwayad se yon bagay pèsonn pa ta dwe viv, kidonk anplis de plis envestisman nou pou devlope enstriksyon sou natasyon, n ap pran tout mezi posib pou sove lavi ak anpeche trajedi." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Edikasyon ak nòm sekirite ki apwopriye yo enpòtan anpil pou kenbe najè New York yo an sekirite epi tèks lwa ki siyen jodi a pral vrèman ede yo rezoud pwoblèm sa yo."

Lejislasyon S.9748/A.10334 pwolonje dire Komisyon pou Prevansyon Nwayad Timoun pou yon lòt ane pou amelyore sekirite dlo nan Eta New York epi kontinye travay li pou evalye ak devlope pwogram pou byen edike ak enstwi timoun yo sou sekirite dlo ak fason pou yo naje.

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Nenpòt moun ka viktim nwayad, men avèk bon konesans ak plis sansibilizasyon piblik lejislasyon mwen an ankouraje, nou kapab asire chak Nouyòkè kapab jwi san danje pisin, lak ak vwa navigab Eta a. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè a nan konbat epidemi nwayad an silans ak mezi rapid li ap pran nan siyen pwojè lwa enpòtan sa yo."

Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare, "Kounye a nwayad se premye kòz lanmò pou timoun ki poko gen 4 ane Ozetazini – e se yon bagay nou tout pran angajman pou chanje. Atravè lejislasyon sa a, New York ap kontinye mete lavi timoun yo an premye epi fè pati pa l pou jwenn yon fason pou anpeche nwayad. Travay komisyon istorik sa a ap kontinye yon sèvis enpòtan anpil pou tout Eta nou an, e mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen kapasite l pou l kontinye aktivite l."

Lejislasyon S.5815A/A.6205 otorize Depatman Sante (Department of Health) a pou mennen pwogram edikasyon ak sansibilizasyon pou atire atansyon piblik la sou danje nwayad ki mòtèl ak sa ki pa mòtèl.

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen tèks lwa enpòtan sa jodi a. Lejislasyon sa a ki mande Depatman Sante Eta New York kòmanse kanpay edikasyon ak sansibilizasyon piblik la pou anpeche nwayad mòtèl ak sa ki pa mòtèl, pral sove anpil lavi. Antanke yon rezidan nan Bronx, mwen byen konsyan de anpil nwayad ki te fèt nan vwa navigab minisipalite a ak nan lòt kominote koulè yo, akòz mank aksè nan pisin piblik ak fòmasyon sou sekirite pou naje. Gen yon gwo bezwen pou anseye timoun yo ak fanmi yo sou pratik ki pi an sekirite yo ka itilize lè y ap pran plezi yo nan dlo a. Nouvo lwa sa a se yon premye etap enpòtan pou asire fanmi yo ka pran plezi nan dlo a san danje pandan wikenn Fèt Travay k ap vini an ak sezon ete k ap vini yo. Mwen remèsye Kowalisyon Sekirite Dlo New York (New York Water Safety Coalition) ak Senatè Eta a John Mannion pou lidèchip ak patenarya yo sou pwoblèm enpòtan sa a."

Lejislasyon S.7731A/A.9888C otorize konsèy prevansyon dife ak kòd bilding Eta New York la pou aliyen dispozisyon legal aktyèl Eta New York ki gouvène pòtay ansent pisin yo sou dispozisyon nan Kòd Entènasyonal Pisin ak Espa (International Swimming Pool and Spa Code) ak Kòd Sosyete Ameriken pou Tès ak Materyèl (American Society for Testing and Materials Code).

Patrick Gallivan, ki se Senatè Eta, te deklare, "Mizajou dispozisyon sekirite sa yo pral pèmèt yo garanti premye sekouris yo ak moun ki te asiste yo pral kapab jwenn aksè nan pòtay pisin nan si gen yon ijans. Aliyen règleman New York yo ak nòm entènasyonal yo pral amelyore sekirite pisin yo ak pi byen pwoteje timoun yo. Mwen remèsye endistri kloti ak pisin yo paske yo te atire atansyon lejislati a sou kesyon sa."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "N ap fè prevansyon kont nwayad ak ogmante sekirite pisin yo lè nou siyen lwa A.9888C. Nouvo lwa sa a ankouraje itilizasyon apwopriye ansent pisin yo epi li fasilite aksè ak premye sekouris yo. Mèsi a Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen lwa sa."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU